



ACCÉSSS

Alliance des Communautés Culturelles pour
l'Égalité dans la Santé et les Services Sociaux

Roujòl se yon maladi ki fèt ak yon viris ki trè kontajye. Li afekte sitou timoun, men li ka **tou afekte fanm ansent ak moun ki gen sistèm iminitè ki fèb.**

Kijan roujòl ap transmet?

Roujòl ap transmet fasilman atravè gout saliv lè yon moun enfekte touse oswa etènye. Viris la ka tou gaye lè ou manyen sifas ki kontamine, epi manyen bouch ou, nen ou, oswa je ou. Yon moun ansent ki enfekte ka pase viris la bay tibebe li anvan li fèt. Viris sa a trè kontajye: yon moun enfekte ka pase li bay 18 lòt moun nan anviwònman li.

Ki siy yo?

Siy prensipal roujòl yo se yon gwo lafyèv (pi plis pase 38°C-100.4 °F), yon tous sèch, nen ki koule, je wouj ak dlo, ak yon gwo fatig. De siy karakteristik roujòl yo se tach wouj ki parèt anpremye sou figi a anvan yo gaye sou rèz kò a, ak ti pwèn blan andedan bouch la. Pou yon fanm ansent, trape roujòl ka mennen konplikasyon grav pou li menm ak tibebe kap vini an.

Ki moun ki pi fasil ka trape l' ?

Kèk moun gen plis risk pou yo gen konplikasyon grav ki gen rapò ak roujòl, tankou timoun ki gen mwens pase 5 lane ki pa vaksinen, moun ki gen sistèm iminitè fèb, ak fanm ansent.

Kijan pou prevni roujòl?

Pi bon prevansyon kont roujòl se vaksen an. Yo bay timoun yo vaksen sa a anjeneral depi premye lane nan lavi yo, ansanm ak vaksen kont oreyon ak ribeyol. Granmoun ki pat janm vaksinen yo ka pran vaksen an tou. Si yon moun enfekte, li enpòtan pou izole li pou evite viris la gaye, epi asire li bwè ase dlo. Kenbe yon bon ijyèn, tankou lave men regilyèman, netwaye sifas yo, epi evite pataje objè, ede tou anpeche transmisyon an.